

18

oktòb

Yon nonm ak yon move lespri sou li... soti nan tonm yo vin kontre li. Yo te mare li ak fè nan pye li epi ak chenn. Men, li te pete chenn yo... Pèsonn pa t gen ase fòs pou te donte li. Mak 5. 2, 4

Se li [Bondye] ki delivre nou anba pouvwa fènwa a. Kolosyen 1. 13

Eske nou ta dwe chanje lalwa ?

Yon nonm ke yo te kondane poutèt zak agresyon ke li te fè, yo vin lage li, li komèt yon malonèt ki fè tout moun nan zòn nan mal anpil. Lamenm, yo bay konsèy pou yo chanje lalwa dekwa pou zak konsa pa janm fèt ankò. Soti nan yon amandman tonbe nan yon lòt, pa gen anyen ki chanje okenn kote, epi zak kriminel yo pa janm diminye. Lèzòm sanble tèt koupe ak nonm nan vèsè yo di a, yo pa ka donte l. Lwa yo, chenn yo, prizon, pa ka amelyore yo. Lalwa endispansab pou lavi nan sosyete, men li pa rezoud rasin pwoblèm yo.

Bib la di nou rasin mal la : “Paske, move lide, adiltè, imoralite, asasinay, vòl, avaris, mechanste, riz, libètinay, gwo je, denigre moun, ògèy, foli, se nan kè moun yo tout soti” (Mak 7. 21, 22). Lèzòm te demontre eta moral kè yo lè yo te krisifye Jezi Kris, li menm sèl ki jis san manke anyen. Gouvènè women an ki te la pou fè yo aplike jistis te rekonèt ke Jezi pa t fè anyen ki merite lanmò (Lik 23. 5). Malgresa, pou li te ka kenbe popilarite li, li te remèt Jezi pou yo te krisifye l.

Ak anpil sajès ak konpasyon, Bondye te pèmèt ke krim malonèt sa se li menm tou ki se sakrifis ki pèmèt kè nou vin lave e ke kretyen an jwenn yon lòt nati. “Depi yon moun nan Kris la, li se yon nouvo kreyasyon : ansyen bagay yo pase. Epi, gade ! Tout bagay vin nouvo” (2 Korentyen 5. 17). Lalwa lèzòm yo sèlman dirije konpòtman moun tou piti, men lalwa nan Kris la pirifye epi chanje fon kè.

18

octobre

Un homme possédé d'un esprit impur... avait sa demeure dans les tombeaux, et personne ne pouvait le lier, pas même avec une chaîne ; car souvent, quand il avait été lié de fers aux pieds et de chaînes, il avait brisé les chaînes... et personne ne pouvait le maîtriser. Marc 5. 2, 4

[Dieu] nous a délivrés du pouvoir des ténèbres.

Colossiens 1. 13

Faut-il changer la loi ?

Condamné pour agression, puis remis en liberté, un homme vient de commettre un crime odieux qui heurte la conscience collective. Aussitôt on propose de modifier la loi afin que de tels actes ne se reproduisent plus. D'un amendement à l'autre, rien ne change pourtant, et le nombre d'actes criminels ne diminue pas. Les hommes restent semblables à celui du verset du jour, indomptables. Les lois, les chaînes, la prison ne peuvent pas les améliorer. Les lois, indispensables pour la vie en société, ne résolvent pas le fond des problèmes.

La Bible révèle la source du mal : "C'est du dedans, du cœur des hommes, que sortent mauvaises pensées, fornications, vols, meurtres, adultères, cupidité, méchancetés, fraude, impudicité, œil méchant, injures, orgueil, folie" (Marc 7. 21, 22). La démonstration de l'état moral de l'homme a été faite quand Jésus Christ, le juste par excellence, a été crucifié. Le gouverneur romain qui était responsable de faire appliquer la justice avait reconnu que Jésus n'avait rien fait de condamnable (Luc 23. 5). Malgré cela, pour sauvegarder sa popularité, il a livré Jésus à la crucifixion.

Avec sagesse et grâce, Dieu a permis que ce crime ignoble soit aussi le sacrifice par lequel notre cœur peut être purifié et une nouvelle nature donnée au croyant. "Si quelqu'un est en Christ, c'est une nouvelle création : les choses vieilles sont passées ; voici, toutes choses sont faites nouvelles" (2 Corinthiens 5. 17). Les lois humaines ne font que canaliser plus ou moins bien les comportements, alors que la foi en Christ purifie et change le cœur en profondeur.